Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 67 (9969-9971) | 21 сентябрь | Рузман | 2018 сон

## «ДИР ДАГЪИСТАН»




Араб анкьалъ культураялъул рокъоб тIобитIана Расул ХIамзатовасул 95 сон тIубаялъул юбилеялда хурхун «Дир Дагъистан» абураб тIехьалда тIасан театрализованнияб тадбир.

Залалда гIодор чIун рукIарал рачIинахъего хIайран гьаруна «Ботлих» ансамблялъул церерахъиналъ.

Кьурдухъабаз гьабураб асаралдаса ригьиналде Д а г ъ и с т а н а л ъ у л м у с т а х I и к ъ а в артист НурмухIамад Н у р м у х I а м а д о в а с , М у х I а м а д с а г I и д Аминтазаевас, Гумбет районалъул культураялъул хIалтIухъан Пари ГIимрановалъ ва авар театралъул артист Разият Дибировалъ цIаларал Расулил кучIдуз балагьаразул ракIал хIайран гьаруна. КIудияб махщалида гIуцIун бугоан гьеб тадбир.

ХIамзатил Расулил дунялалдехун бугеб бербалагьиги, рагъда вас шагьидлъарай эбелалъул угьиги, «МагIарулай» абураб поэмаялъул аслияб героязул рекIел хIалги зрителазухъе кьезе кIудияб махщел гIуна гьезул.

Гьединго бихьизабуна дунялалдаго машгьураб «Къункьраби» абураб кечIалда гьоркь кьурдулаб церерахъинги. Бицана Расулил поэзиялъул ва гьесул гIумрудулъ ккарал л ъ у г ь а - б а х ъ и н а з у л . Тадбир лъугIидал кIалъазе цеве вахъана а д м и н и с т р а ц и я л ъ у л аппаратальул нухмалъулев АхIмад Лабазанов.

–Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго кIудияв гIалимчи ЦIадаса ХIамзатил рокъов вижарав Расул ракIалде щвезабулеб къо.

95 соналъ цебе гьитIинабго росулъ вижана дуниялалдаго жиндир цIар арав кIудияв шагIир. Нильеца Расулил бицунаго нилъеда ракIалде щола Дагъистан, Дагъистаналъул бицунаго нилъеда ракIалде щола Расул. Бицуна дунялалда Дагъистан лъаларел гIадамал гIемер ратулилан, амма Расул лъаларев къанагIат ругин.

Расулица хъвана Д а г ъ и с т а н а л ъ у л г и р о х х е л а л ъ у л г и пашманлъиялъулги, хъвана лъималазулги, улбузулги, гьудуззабазулги.

Кидаго Расулил творчествоялъул бакьулъ вукIана инсан. Гьес ахIи балеб буго цIуне лъимал, улбул, гьудуллъи, Дагъистан!-абун.

Жакъасеб данделъи букIана жиндир кIудияб пайда бугеблъун. Гьединго дие бокьун буго районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасул, райадминистрациялъул рахъалдаса баркалаялъул кагъат кьезе тIаде рачIарал гьалбадерие-янги абун цере ахIана тадбиралъул гIахьалчагIи.

Ахир лъуна АхIмадица жиндирго кIалъаялъе Расулил рагIабаздалъун:

**«Метер магIарул мацI холеб батани,**

**Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун».**

Хадув кIалъазе вахъана «Дагъистан Р е с п у б л и к а я л ъ у л мустахIикъав хIалтIухъан» М у х I а м а д р а с у л ГъазимухIамадов.

-Расулица хъвана: «МахIмуд хваралдаса рокьиййищ ккечIеб, рокьоул кучIдул гьечIин керен унтулел»-гьединги абулаго иргадал цIалана МухIамадрасулица Расулил асарал.

БитIахъего живго Расулил ахIиги бухIиги загьир гьабуна.

Кутакалдаса лъикI ана тадбир. Ва амма квеш букIараб жо буго, къо анагIан магIарул мацIалъулги а д а б и я т а л ъ у л г и хIакъикъаталдалъун ургъел бугев чи къанагIатлъулев вукIи. Гуребани гьединав кIудияв шагIирасул юбилей тIобитIулеб къоялъ гьадигIанго чIобого клуб хутIилароан.

Г.ГIаишат

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ МИЛЛАТАЗУЛ ЦОЛЪИЯЛЪУЛ КЪО

Р а й о н а л ъ у л культураялъул рукъалда цебе араб анкьалъ тIобитIана Дагъистаналъул миллатазул цолъиялъул къо.

Тадбир бачана культураялъул хIалтIухъан Сабрина Сайпулаевалъ.

Гьелъ кIалъазе рагIи ва тадбир рагьизе ихтияр къуна районалъул бетIерасул хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ заместитель Г I а б д у л д и б и р ГIабдулдибировасе.

- Х I у р м а т и я л гьалмагъзаби, изну кье дие районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасул, депутатазул ва районалъул цIаралдасан нужеда баркизе Дагъистаналъул миллатазул цолъиялъул къо.

Дагъистаналда гIумру гьабун руго 100 батIияб миллат, гьезда гьорлъан 30 бакIалъулаб. Дунялалда тIад, тIокIаб гьечIо гьелгониял миллатал цолъараб бакI. Нилъер Дагъистан гьеб кколаро гIицIго мугIрузул ВатIан, гьенир руго миллаталги мацIалги.

Щибаб росу-гьеб ккола гьитIинабго дунял, жиндирго тарихгун, гIумругун ва букIинесебгун.

Нилъер тарихалъул гIемерал хIужжаби руго миллатазул цолъи загьир гьабулел.

Жакъа кIодо гьабулеб гьаб къоялъул кьалбалги 1741 соналъул 15 сентябралде уна.

Гьеб соналъул 15 сентябралъ кIудияб къаби щвезабуна Дагъистанияз Надир-шагьил аскариязде. КIудияб ВатIанияб рагъдаги улкаялъул васалго гIадин цолъиги гьункиги чорхолъгун Гитлерил фашистазде данде рахъана гIагараб эбелаб ВатIан тушманасдаса цIунизе дагъистаналъул васалги.

Гьединабго цолъи бихьизабуна 1999 соналъул август моцIалда ккарал л ъ у г ь а - б а х ъ и н а з д а г и . Гьезул гьункиялдалъунги, бахIарчилъиялдалъунги бажарана халкъалда гьоркьосел тушбабазда ракь тезабизе.

КигIан кIудияб балагь бачIараб террористаз, кутакал игIланаздаги, рагIабаздаги нахъаги рахчун. Ва амма нилъеда лъала исламалъ сабруялдеги р а ц I ц I а л ъ и я л д е г и лъикIалдеги ахIулеблъи.

Гьеб балагьаб унтуде данде рахъинеги жакъа нилъее бищунго хIажатаб буго цолъи. Цолъиялъулъ буго къуват.

ХIурматиял гьалбал, дирго кIалъай дица кьокьлъизабила кIудияв поэт Расул ХIамзатовасул рагIабаздалъун: «ЦIуне Дагъистан!».

Гьелдаса хадуб к у л ь т у р а я л ъ у л хIалтIухъабаз бихьизабуна концерталъулаб программа.

К ь у р д у х ъ а б а з у л г и артистазулги цере рахъиналъ берцин гьабун букIана сверухълъи. КIудияб Дагъистаналъул миллатазул цолъиялъул къогун, хIурматиял ракьцоял.

**З. МУХIАМАДОВА.**



*Ассаламу гIалайкум*

# ХIЕРЕНАБ КАЛАМГИ



**Дида КъурамухIамад лъалелдаса къогогIаги сон ана. Лъицаго лъай-хъвай гьабичIого, гьоболлъухъ инчIого, цоцадасан рикIкIад рукIаниги, некIого лъалел гIадинаб асар лъугьунаан гьев вихьидал, дандчIвайдал. Аллагьас бижанщинаб къоялъ абуниги мекъи ккеларо, райцентралда халлъула гьев, эхеве-эхеде унелъул, ахикь вихьула, администрациялдаги ватула. Гьев данде ккедал, нух битIулеб гIадинаб асарги лъугьуна чорхое. Чиясдасан бахунеб баракаталъул гьогьенцин (аура) чIвалилан ккола гьесдасан.**

**Гьал къояз, редакциялда цеве жиндирго машинаялъуве вахунев гьев вихьидал, аскIове ана, хош-баш гьабуна ва гьарана, цо араб-таралъул бицен гьабизе, редакциялде рилълъайилан.**

**ТIубанго дир мурад бичIчIичIев гьев, васвасдиялда вахана тIаде. Дунгогицин хутIана сундасан байбихьилеб, щиб суал кьелебали лъаларого. Хабар рекъеялъе, рукъ-агьлу цIехана, «ЩIиху» гIемер вихьулилан, «разведкаялъе» рагIи рехана.**

**Цинги гьасда бичIчIана, къаде кваназе дица ахIун гьечIолъи. Гьавураб къоялдасан жакъалъизегIан гIумрудул къокъабго къисмат бицана.**

«Дун гьавуна I938 соналъ Гъодобери росулъ, ясли-ахги букIинчIо тарбия кьезе, амма мунагьал чураяв эмен вукIана кьварарав чи. Хъизамалда микьабилеб лъимер букIана.??? ЦIалана Гъодобери анкьго сонилаб школалда. Хадуб- Болъихъ интернат. ИчIго класс лъугIарабго, БагIараб Армиялдегиха».

КъурамухIамадица хIасратго бицунеб бугеб жиндирго автобиографиялъ дида ккана кватIулевцин гьечIодай гьав цо кив вугонигиян.

Какил гIуж жеги щун гьечIилан дица абидал, гьев гьимана, лъалила лъачи, лъабкъоялда анцIго сон бугила сукIа-къулизе малълъаралдаса.

Армиялдаса вуссиндал, чIужу ячун ятилахайин абилелде дун кIалдивго къотIизавуна КъурамухIамадица.

«… Жеги армиялдаго вугин дун. Ваймер? шагьаралда шоферлъун цIалана Германиялда, гьенибин дица хъулухъ гьабураб, гьанже гIадин цо соналъ гуреб, гургинаб лъабго соналъ. ГIарада гIужде битIизабулев чилъун вукIана дун хъулухъалда. ЛъикI ккана лъай бугев вукIин. Доб заманаялъ гьоркьохъеб лъайги кутакаб жо букIиндал. Дие командирас квербакъи гьабуна гьенирго шоферзабазул курсал лъугIизаризе.

Цинги Болъихъ райПОялда, Леспромхозалда, Кировасул цIаралда бугеб колхозалда раччана хIакимзаби, хIалтIухъаби, хIалухъин ва къайи-къоно.

Гьеб заманаялъ квертIахелал гIадин хисулел рукIана предколхозал нижер Гъодобери росулъ. Райкомалъул тIоцевесев секретарь жиндир мунагьал чураяв Ангутаевас, жиндихъегоги ахIун, лъазабуна жинда ракIалда бугила, лъикIав нухмалъулесул ва бажари бугев цевехъанасул хъизамалда гIурав мун, инсуда божилъиги гьабун, предколхозлъун тIамизе.

- Дун, шофер?!

- Хабар те, тIад калам гьечIо, гьеб цебего бюроялъ дандбан буго,- ян абуна согIго хIакимас.

Циндаго лъалхъун чIана КъурамухIамад ва байбихьиго жинца инсудасан гьабизе кколаанила, гьеб тIаса лъугьунареб мунагь кканила, бегьулеб батани, дагьаб цебегIан, макъалаялъул авалалде босейилан, дир хъвалеб тIамач жиндихъего цIана гьес.

**-ЛъикI буго, КъурамухIамад, дида мун вичIчIана, Аллагьги тIаса лъугьина, инсул рухIги рази хутIила, ритIухъав чи вихьула мун. Бицея инсул!**

- Жиндир мунагьал чураяв дир эмен Къураев МухIамадгIалица I945-I953 соназ нухмалъи гьабуна «Коммитерна» колхозалъе, хадуб хисана гьелда цIар «Кирова» абун. Гьеб колхоз кидаго букIана республикаялъул «ХIурматалъул хъорщода» ва цере тIуразда гъорлъги рехсолаан. ХIалтIудехун букIараб инсул кIудияб хIасратги, гьирагиги, жавабчилъиги, гIадамазулгун гIаммаб мацI батизе, жив-жив чиясулгун рекъезабизе бугеб гьунарги диеги ирсалъе щванилан тола дица.

Дун нухмалъулевлъун хIалтIулеб заман ( I974-I984) букIана райкомалги ругеб, КПССалъ нухмалъиги гьабулеб, халкъалда тIад хъаравулги вугеб, анонимкабаздеги кIвар кьолеб заман. Зазда чIарал хIанчIи гIадин хIинкъун, къалмикье ккезе гурин жалгоян рухI ун рукIунаан хIакимзаби доб заманалда,

Дунги толароан гIарзачагIаз, гIемерисеб жанги къуватги гьелдего унеб букIун батилилан тола дицани, хал гьабиязе жавабал кьолаго. Москваялде гIунтIун хъвадарана - генпрокурор Руденкохъе, Брежневасухъе, Сталин гIадинав предколхоз хIажат вугин жидехъе витIеян.

БитIун бицани, чIалгIана ва чIванкъотIун суалгун дун ана Гъази Муридовичасухъе. Гьесул столалда партбилетги лъун, дун вацIцIадав ватани, ритIухъ гьавейин, гьечIони, дица тIокIаб гьаб хIалтIи гьабуларин, нахъе вахъейин гьарана. Гьез дун дагьалъ къватIивехун витIана ва заманго инелде, жанивеги ахIун, лъазабуна лъикIавги квешавги кинав мун вугебали жидеда лъалин, лъикIаб гIамалалъул цо чIва бугин дулъ, ракI разилъун хъулухъ нахъе кьолеб. КьучIое гьебги босун, бюроялъ хIукму гьабунин мун вахъун гурев, хъулухъалдасан хъулухъалде тIамулев вукIиналда бан, колхозалдаса эркен гьавизе..

Собрание гьабизе Гъодобериве вачIана доб заманаялъ райисполкомалъул председательлъун вукIарав, жиндир мунагьал чураяв АхIмад Меджидович ГIабдулбасиров. ПалхIасил,



*ЛъикаIал гIадамал*

# КЕПАБ ХАБАРГИ





цо анкьидасан сельсоветлъун тIамуна. Кьоло цо соналъ гьеб хьулухъалдаги хIалтIана. Дидагоги чIалгIана, заманаги хисана, замана индал, дунгоги кIодолъана, ракIалде ккана хIалхьиялде ине ва дунго хисун росдае мустахIикъав чи тезе.

Гьанжеги гьерсал, гIарзал, мацIал, цIияб заманалда рекъон, кьвакъвазе лъугьана цIиял зурмихъаби. РитIухълъи бергьинчIого букIунаро кидакъадги, рекъа-решон ккана кинабго, квербакъи Аллагьасулги букIинарищха?!

**- Кинха жакъа гьодоберисел ругел КъурамухIамад?**

- ГIадатияб гIумругунха, гIи-боцIи хьихьула, хур-ах хIалтIизабула, гIемерисел кьватIир уна магIишат гьабизе. Гьаб «цIияб» заманаялъ дагьал рикьа-рихххизаруна нижги. Цоцоял, гьечIеб бакIалъа магIишат щварал ва рищни хьирщун гIантаб гIарац гIодоб батарал, кьвакъвадизеги рекIана. Гьединал чагIи, талихIалъ, цIакъ дагьал рукIана.

БитIараб бицани, хIалтIулеб халкъ буго гьодоберисезул. Ккараб кьоялъ кьараб зар гIадин гьункизеги гьункула. Рази вуго, рецц Аллагьасе, гьадин тагиян гьаригун, гьездасан воххун вукIунаха.

**- Мун пенсиялда вуго, бугищ ракI разияб бачIунеб копекшагьиго? ТIад балагьуни пенсионер гIадин гьечIо, гьедин таги ва хутIаги мун. Иш-пиша магIишат гьабичIого чIолев ватиларогури.**

- Гьагъаб ГIанди гIурул рагIалда «ЦIиху» ахикь дачаги бан, ГIашилтIа Манташ гIадин вуго. Ахикь ахбазан, микьир, гIеч-гени, гIадада заман биччаларо. КIурадула, вухъарула. Диего гIураб агрономасул махщелги буго дилъ. Лъимал ракула, лъималазул лъималазги чIалгIине толаро. ЦIакъ рази вуго гIумруялдасанги дунялалдасанги…

Цойги жо буго бицине кIочон. Дун колхозалдаса нахъе унеб мехалда, дица гьениб тана гIи-цIаназул-щуазарго ва чIегIербоцIул азарго бетIер. I3-I4 трактор-комбайн, анцIила хадуб автотранспортги букIана. БукIунеб захIматха, щущахъ биххун, кибе арабали лъачIого тIагIараб, гьеб кинабгоги ракIалде щун,

**- Политикаялдехун кинаб бербалагьиха дур бугеб, бидул кьаби борхичIого хутIулебищ бугеб ахIвал-хIал бихьун?**

- Политикаги Путинги цого жо бугелъул. Путин абидал, политика ракIалде щола, политикаялъул бициндал, Путин цеве чIола. Нилъер хIукумат бахун кьватIибехун бугеб ахIвал-хIалалъ регIун толев гьечIо гьев. ВукIаниги, кьучIав, мугъчIвазе бегьулев политик вуго.

Политика чорокаб жоян абула, бацIцIадго гьеб бильлъанхьизабуни, халкъалъеги ВатIаналъеги пайдаяб, хайирияб букIинарищха.

- Цойги суал дуе политикаялда **гIага-шагараб…Цере рукIунаан районазда рекъел гьабиялъул комиссиял- дагIбарагIи кканиги, чIвай-хьвей кканиги, росабазда гьоркьоб гьогьен кканиги, маслихIат гьабулел.**

**Кин дуда ракIалде кколеб : жакъаги гьединаб комиссия лъикI букIинародай? Дурго гIакълугун, бугеб хIалбихьиялъулги бицун, районалъул бетIерасухъего ваккуларищ?**

- Цере гIемер гIуцIалаби рукIунаан, хIасилги кколаан. Гьанжеги дун районалъул ветераназул советалъул член вуго. Доб цебе гIадинаб дагIба-рагIиги дагьлъана, чIвай-хьвейги гьечIо, гьеб комиссиялъе хIалтIиги хутIичIо, хIалтIи гьечIого ниж хутIиялдаса дунги вохарав вуго. Районалъул бетIерасул рахъалъ абуни, тIоцеве - гьев дир гьобол вуго, кIиабизе бицани, цо-цо ваккичIогоги тIувалищха?!

**- КъурамухIамад, мун вуго сундулго рахъалъан хIалбихьиги бичIчIи-лъайги бугев чи. Мунго районалъул бетIерлъун вукIаравани яги цIидасан колхоз, советалъе нухмалъизе кканани, кин гьеб гьабилеб букIараб бицинарищ нижеда?**

- Сундулго бетIер - гIадлунизам. Цебе данделъи бачунаго, гьоркьов кIалъалев чиясе, килищалъ ишан кьунани, гIолаан. Адаб букIана, хьатир гьабулаан. Гьанже хисун буго гIамал-гIадатги, салулъе лъим гIадин, кьун унеб буго кинабго лъикIабщинабги. Кьварилъула ракI, гьеб кинабго бихьидал. Заманаялъ кьела киналъего кьимат. Аслияб жо буго рекъел букIин, кього соналъ цебе киса-кибего рагIулеб жо букIинчIищха, кьвагьана, чIвана, хвана абун.. АлхIамдулиллагь, гьанже гьебгIаги гьечIо.

**- Дуцаго цIар чIван тарав росдал бетIерасдасан рази вугищ? Рекъолареб жо гьабулев вугони, бадибчIвайгун унищ яги, гьелдасанги квеш хутIагиян, унтарабги жанибго бахчун, щинги къулчIунищ чIолев?**

- КинабгIаги щинги гьечIо, жахIдаги букIунаро. Дун гIадин Аллагьги рази хутIаги гьесдасан. Сахаватав чи вуго, бажари буго, чIухIи гьечIо. Довги малаик гурелъул, гIисси-бикьинал гьалатIал рукIунел ратаниги, ритIизарула, рази гьечIезухъги гIинтIамула. Аслияб жо - инсанлъи цIунарав чи вуго.

- ГьикъичIого гIоларо, жеги гIадамаздацин лъаларо, нужеца росулъ гьабураб кIудияб хIалтIул, ай Зибирхьалиса Гьодоберибе анцIго километралъул манзилалда бачараб лълъел.

Гьелда хурхун дурго пикраби…

- Бихьун гурони, бицун бажарулареб хIалтIи гьабуна гьодоберисез. Баркала тIолабго жамагIаталъе. Гьекъолеб лълъел кьварилъи букIана росдае. ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунилан абулелъул, гьеб якъинго бихьизабуна нижер жамагIаталъ. Дида кьимат кьун бажаруларeб хIалтIи гьабуна. Бищунго бокьилаан гьелъул цойги росабазги нижедасан мисал босани ва нужецаги, СМИялъул хIалтIухъабаз, республикаялдагоги бихьизеги рагIизеги гьабуни.

(Спонсорал)

**- Жакъа мунго гIолохъанчи вукIаравани, щивлъун вукIинаанилан цебего чIезабуларищ, КъурамухIамад?**

- РакIбацIадавлъун, намус цIунаравлъун, хIилла-рекIкI гьечIевлъун вукIинаан.

**- Лъимал дудасанги мунго гьездасанги рази ругищ?**

- Дица щибаб кьойил гьаридугIа гьабула нижер гьоркьоблъиялда бер ккечIого хутIагиян.

Дицаги хьизаналъги бащдаб гIасру тIамуна цадахъ, киданиги цо ракI сукIараб бербалагьиги, гьогьен гIадаб жоги гьоркьоб ккечIого. Амма гьей гIумру кьокъай йикIун йиго, алжан насибай ятагиха жий. Гьелдаса разиго ана дир гIумру, шаргIалдаса кьуричIей инсан йикIана. ТIаса лъугьарав вуго, дунгоцин кантIичIел гьалатIал гьелъухъан ккун ратаниги…

Къаде как ахIана, КъурамухIамадицаги дицаги къо лъикI гьабуна.

**Гара-чIвари гьабуна**

**М.Р. ГЪАЗИМУХIАМАДОВАС**

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

БетIерав редактор
ГI. ГI. ГIумаханов

Отделалъул редакторал
П. Дибирова
М-Р. ГъазимухIамадов

Мухбирзаби
З.МухIамадова
М. ГIумаханова

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
Ш.Муртазалиев

Индекс: 368970
Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

Телефонал:
Редакторасул 2-20-53
ГIаммаб 2-20-37

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-1-ясул къватI, 61
Тираж -550
Индекс-51349
Багьа-6 гъурущ

Газета печаталде къуна 16.00 хамиз къоялъ
Газета къабуна 20.00

Заказ № _____

Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

# Землетрясение не должно застать врасплох

В рамках плана мероприятий по Году культуры безопасности и Месячника профилактики по безопасности от сейсмической угрозы, на 45 объектах с массовым пребыванием людей МР «Ботлихский район» в сентябре 2018 года проходят тренировки и профилактические беседы, нацеленные на обучение персонала учреждений и населения действиям во время и после стихийного явления - землетрясения.

В целях безопасности и защиты населения от чрезвычайных ситуаций главный специалист отдела БГО и ЧС администрации МР «Ботлихский район» Муртазалиев А.Г. подробно объясняет населению о том, как вести себя при землетрясении.

Жители узнают, что ощутив колебания зданий, увидев качание светильников, падение предметов, услышав нарастающий гул и звон бьющегося стекла, нельзя поддаваться панике и в течение 15-20 секунд необходимо покинуть здание, взяв документы, деньги и предметы первой необходимости. Покидая помещение и оказавшись на улице, оставаться там, но не стоять вблизи зданий, а перейти на открытое пространство.

Если человек вынужденно остался в помещении, то нужно помнить следующее: встать в безопасном месте (у внутренней стены, в углу, во внутреннем проёме или у несущей опоры),- если возможно, спрятаться под стол - он защитит от падающих предметов и обломков, - напоминают сотрудники отдела БГО и ЧС.

Землетрясение может застать где угодно, например, на улице. Тогда оставайтесь где были. Следует держаться подальше от всего, что может упасть, например, деревьев, так как они могут быть вырваны с корнем; от зданий-если даже они достаточно прочны, чтобы устоять, их элементы могут быть сброшены вниз. Держитесь подальше от стекла, включая зеркала, и особенно от больших окон. Внутренний угол дома или хорошо укрепленный внутренний дверной проем - хорошие места для укрытия.

Запрещено также пользоваться свечами, спичками, зажигалками - при утечке газа возможен пожар.

Отдел БГО и ЧС АМР «Ботлихский район» призывает жителей не паниковать и с пониманием относиться к профилактическим мероприятиям, проводимым в рамках Года культуры безопасности и месячника профилактики по безопасности от сейсмической угрозы. Ваша безопасность - в ваших руках!

В мероприятия задействованы 25 МКОУ и 15 МКДОУ с количеством населения более 6000 человек

**М.Магомедалиев,**
**Начальник отдела БГО и ЧС АМР «Ботлихский район.**

## Прокурор района сообщает:

**Для использования средств материнского капитала детям-инвалидам не придется заново подтверждать свой статус**

Постановлением Правительства Российской Федерации от 24.01.2018 № 60 внесены коррективы в действующие правила признания лица инвалидом.

Для включения в индивидуальную программу реабилитации или абилитации ребенка-инвалида рекомендаций о приобретаемых за счет средств материнского (семейного) капитала товарах и услугах, предназначенных для социальной адаптации и интеграции в общество детей-инвалидов, предусмотрен упрощенный порядок – без оформления нового направления на медико-социальную экспертизу.

Ранее для внесения соответствующих изменений в выданную индивидуальную программу реабилитации или абилитации ребенку-инвалиду было необходимо повторно пройти медико-социальную экспертизу.

Изменения вступили в действие с 06 февраля 2018 года.

***Прокурор района, советник юстиции***
**Д.А. Джабраилов**

# ОБ УТВЕРЖДЕНИИ ПОРЯДКА ПРЕДОСТАВЛЕНИЯ КОМПЕНСАЦИИ РАСХОДОВ НА УПЛАТУ ВЗНОСА НА КАПИТАЛЬНЫЙ РЕМОНТ,ОБЩЕГО ИМУЩЕСТВА В МНОГОКВАРТИРНЫХ ДОМАХ

Правительством Республики Дагестан принято Постановление от 19 июля 2018 г. № 96 «Об утверждении Порядка предоставления компенсации расходов на уплату взноса на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирных домах, расположенных на территории Республики Дагестан, отдельным категориям граждан, проживающих на территории Республики Дагестан».

**Право на компенсацию имеют:**

--- Одиноко проживающие неработающие собственники жилых помещений, достигшие возраста **70 лет**, - в размере 50% взноса на капитальный ремонт;

--- Одиноко проживающие неработающие собственники жилых помещений, достигшие возраста **80 лет**, - в размере 100% взноса на капитальный ремонт;

---Собственники жилого помещения, достигшие возраста **70 лет**, проживающие в составе семьи, состоящей только из совместно проживающих неработающих граждан **пенсионного возраста**, - в размере 50% взноса на капитальный ремонт;

---Собственники жилого помещения, достигшие возраста **80 лет**, проживающие в составе семьи, состоящей только из совместно проживающих неработающих граждан **пенсионного возраста**, - в размере 100% взноса на капитальный ремонт.

Компенсация назначается при отсутствии у заявителя задолженности по уплате взноса на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирных домах или при заключении и выполнении ими соглашения о ее погашении. В случае нахождения у заявителя в собственности нескольких жилых помещений в многоквартирном доме в Республике Дагестан компенсация предоставляется в отношении одного жилого помещения по его выбору. При наличии у заявителя права на получение компенсации по нескольким основаниям, предусмотренным федеральными законами, иными нормативными правовыми актами Российской Федерации, законами и иными нормативными правовыми актами Республики Дагестан, компенсация предоставляется только по одному из них (наиболее выгодному) по выбору заявителя. Заявитель, имеющий право на компенсацию, подает заявление о назначении компенсации в письменной форме лично или в форме электронного документа с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», включая портал государственных и муниципальных услуг, со всеми необходимыми документами в управление социальной защиты населения или посредством многофункциональных центров предоставления государственных и муниципальных услуг и представляет следующие документы:

1.Копия документа, удостоверяющего личность заявителя;
2.Копия страхового свидетельства обязательного пенсионного заявителя (СНИЛС);
3.Копия документа, подтверждающего право собственности, или копия правоустанавливающего документа в случае, если право на жилое помещение заявителя на зарегистрировано в Едином государственном реестре недвижимости;
4. Выписка из лицевого счета или копия домовой книги (заполненных страниц), содержащая сведения о лицах, зарегистрированных совместно с заявителем;
5. Документы, подтверждающие отсутствие трудовой деятельности у заявителя и у совместно проживающих с ним членов семьи (копия трудовой книжки, выписка из индивидуального лицевого счета застрахованного лица, выданная органом, осуществляющим пенсионное обеспечение и др.);
6.Копия сберегательной книжки заявителя или выписка о банковских или других реквизитах его лицевого счета, открытого в кредитной организации, на счет которой будут зачисляться компенсация в случае выплаты компенсации через кредитную организацию;
7.Копии документов, подтверждающих начисление взноса на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирных домах за один месяц, предшествующий месяцу подачи заявителем заявления, и его оплату. При наличии у заявителя задолженности по оплате взноса на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирных домах-копию соглашения о погашении такой задолженности вместе с копиями документов об исполнении данного соглашения.

Подробнее по всем вопросам на счет компенсации по капитальному ремонту обращаться в **УСЗН в МО «Ботлихский район». Тел: 8(8271) 2-20-12**